# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 अप्रैल 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस में पहिला फेरा के आठ गो लोकसभा सीटिनि पर चुनाव बदे चुनाव परचार आजु संझा थम गइल हवे। पहिला फेरा में परदेस के सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत लोकसभा सीटिनि बदे ओन्नइस अपरैल के ओट परी। सज्जों जिलन में सुरक्षा के देखत कड़ेर इन्तेजाम कइल गइल हौ। मतदान वाली जगहि पर सुरक्षा करमियन अउर मतदान करमियन के तैनाती क प्रक्रियों आखिरी फेरा में पहुंच गइल हवे। येह से पहिले सज्जों ओम्मेदवार आपन पुरहर ताकत लगा दिहले हवे। गाजियाबाद मे कांग्रेस नेता राहुल गांधी अउर सपा अध्यक्ष अखिलेश यादव संयुक्त रूप से प्रेसवार्ता कइ के अपने पारटी बदे समरथन मंगले। ओहर, कांग्रेस नेता प्रियंका गांधी सहारनपुर में रोड सो के जरिया से अपने पारटी क ओट दिहले क अपील कइलिनि।

**********

लोकसभा चुनाव के चउथा फेरा क अधिसूचना बिहने जारी होई। येह फेरा में परदेस के तेरह गो लोकसभा सीटिनि पर चुनाव होइ। चुनाव आयोग के हिसाब से चउथा फेरा में प्रदेस के शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोइ, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच क लोकसभा सीटि सामिल हइनि। येह सीटिनि पर नामांकन पच्चीस अपरैल ले दाखिल कइल जा सकेला।

**********

अजोध्या के राम मंदिर में पहिली बेरि रामनौमी क परब आजु उछाह के माहौल में मनावल गइल, जहवां रामलला क भव्य सूर्य तिलक क दरसन कइ के सरधालु भाव विभोर हो उठलें। पूरा राम मंदिर परिसर जय श्रीराम के नारा से गूंजि उठल। येह दौरान सरजू के तट से ले के रामपथ, धर्मपथ अउर मंदिर परिसर में भारी संख्या में सरधालु देखाई दिहलें। प्रस्तुत हवे हमरे सेवाददाता क एगो रिपोर्ट–

***संपूर्ण विश्व के सनातन धर्मी आज अयोध्या में नवनिर्मित दिव्य और भव्य राम मंदिर में प्राकट्य होते ही रामलला के ललाट पर भगवान दिवाकर के किरणों से रचे तिलक के ऐतिहासिक,अद्भुत और अनूठे दृश्य के साक्षी बने, जिसे देश के पारंगत वैज्ञानिकों ने चार वर्ष के अभ्यास और अनुसंधान से साकार किया,श्री राम जन्मोत्सव से पहले रामलला को नए वस्त्र पहनाए गए और साथ ही नए आभूषण और नया मुकुट भी धारण कराया गया,श्री राम संकीर्तन और वेद मंत्रोच्चारण के बीच अपने आराध्य को धरा पर अवतरित होते देख भक्त भाव विभोर होकर जयकारे लगाने लगे,भगवान राम लला को 56 प्रकार के भोग लगाकर प्रसाद सुरक्षा बलों और निर्माण कर्मियों सहित परिसर में उपस्थित 7000 सेवकों और श्रद्धालुओं में वितिरित किया गया।अयोध्या में हर और जन्मोत्सव के बधाई गान और जय घोष गूंज रहे हैं। तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु रामलला के सूर्य तिलक के डिजिटल जरिया से देखले। सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से श्री मोदी कहले कि लाखों भारतियन के तरियन ई ओनकरे बदे एगो भावुक क्षण हवे। उहां के कहलीं कि अजोध्या क भव्य रामनवमी ऐतिहासिक बा। प्रधानमंत्री कामना कइले कि सूर्य तिलक सज्जों लोगिन के जिनगी में उर्जा क संचार करे। उहां के येह तिलक से राष्ट्र के गौरव के नया उचाॅई ले पहुचवले क प्रेरणा मिलले क भी कामना कइले।

**********

बासंतिक नवरातर के नौमी तिथि के मौका पर गोरक्षपीठाधीश्वर अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर मे गोरक्षपीठ परंपरा के हिसाब से नौ गो कन्या क पूजन कइ के सक्ति क अराधना कइले। कन्या पूजन से पहिले गोरक्षपीठाधीश्वर नौमी के मौका पर यज्ञसाला में वैदिक मंत्र उच्चारण के बिच्चे हवनों कइले। एकरे बाद राम नौमी के मौका पर गोरखनाथ मंदिर के राम दरबार में भगवान राम क आरती उतरलें अउर उन्हें पालना में झूला के मंगल कामना कइली उहां के प्रदेसवासियन के राम नौमी क बधाई देत कहली कि हजारों बरिस के बादों हम सबके हृदय में भगवान राम विराजमान हवें। उनकर कृपा चराचर जगत पर बनल रहे।

**********

सक्ति उपासना क पावन परब चइत नवरातर के नवमी तिथि के आजु प्रेदस भर के मंदिरन में देवी माॅ क पूजा अउर अराधना कइल जा रहल हउवे। येही क्रम में बनारस में वासंतिक नवरातर के आखिरि दिन में मंगल कामना अउर जयकारा के बिच्चे महालक्ष्मी गौरी क पूजा अर्चना कइल गइल। मंदिर प्रांगण में माॅ के दर्सन खातिर श्रद्धालुअन क तांता देरि रात ले लागल रहल। माॅ महालक्ष्मी गौरी क भिन्नही साढ़े चारि बजे पंचामृत स्नान के बादे एक सौ आठ दीया से मंगला आरती उतारल गइल।

गोरखपुर जिला में चइत नवरातर के नवमी के आजु श्रद्धालु माता सिद्धि दात्री क पूजा अर्चना भिन्नहिये से कइल रहल हवे। सहर के गोलघर काली मंदिर, बुढ़िया माता मंदिर, तरकुलहा माता मंदिर, जंगल कौड़िया के दुर्गा मंदिर के लेके अउरियों मंदिरन में माता क पूजा अर्चना कइल जा रहल हौ।

**********

संघ लोक सेवा आयोग काल्हि सिविल सर्विसेज परीक्षा–दुई हजार तेइस क आखिरी रेजल्ट घोषित कइ दिहले हवे। कुलि एक हजार सोरह अभ्यर्थी येह परीक्षा में सफलता हासिल कइले हवे। लखनऊ के आदित्य श्रीवास्तव येह परीक्षा में अखिल भारतीय स्तर पर पहिला जगहिं पवलें हवे। जबकि गोरखपुर क नौशीन ऑल इण्डिया नौवीं रैंक अउर महराजगंज क ऐश्वर्यम प्रजापति दसवीं रैंक हासिल कइले हइनि। इनकरे अलावा अम्बेडकरनगर क आकाश वर्मा बीसवां रैंक हासिल कइले हवें। आकाशवाणी गोरखपुर क सहायक निदेशक अभियांत्रिक अब्दुल कयूम क

बेटी नौशीन चउथा प्रयास में ई उपलब्धि हासिल कइले हइनि। नौशीन रैंपस स्कूल से प्रारंभिक शिक्षा लिहले के बाद स्नातक क पढाई दिल्ली विश्वविद्यालय के एसजी टीबी खालसा कॉलेज से पूरा कइलिन।

**********